

## **BAB III METODE PANALUNGTIKAN**


### **3.1 Désain Panalungtikan**

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Bogdan jeung Taylor (dina Saifudin, 2012) nétélakeun yén pamarekan kualitatif nyaéta prosedur panalungtikan nu ngahasilkeun data deskriptif nu mangrupa kekecapan tinulis atawa lisan tina paripolah jalma. Ari Satori (2010, kc.22) boga sawangan yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu nekenkeun kana kwalitas atawa hal nu penting tina sahiji sifat barang atawa jasa.

Ari metode deskriptif, nurutkeun Arikunto (2013, kc.3) métode déskriptif mangrupa panalungtikan anu ngulik kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén anu geus didadarkeun, anu hasilna tinulis dina wangun laporan panalungtikan.

Sumber nu dipilih dina ieu panalungtikan pikeun dijadikeun data panalungtikan nyaéta karya sastra wangun roman pondok nu judulna *Imutna Nu Panungtung* karya Ahmad Bakri. Tina sumber data dijaring omongan minangka polah ucap anu dipasing-pasing dumasar kana wujud, aspék, fungsi, wanda jeung sipat.

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan metode déskriptif désain panalungtikan nu digunakeun nyoko kana galur saperti ieu di handap.



**Bagan 3.1**  
**Désain Panalungtikan**

### 3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data primer anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta buku karya Ahmad Bakri anu judul na *Imutna nu Panungtung* medal citakan ka dua dina bulan Oktober 2021, anu medal ku PT. Kiblat Utama. Ukuran roman *Imutna nu Panungtung* nyaéta 21,5 x 14,5 nu kandelna 62 kaca nu ngawengku tujuh subjudul (1) *Hiji*, (2) *Dua*, (3) *Tilu*, (4) *Opat*, (5) *Lima*, (6) *Genep*, (7) *Tujuh*.

Eusi carita dina ieu roman téh nyaéta nyaritakeun kahirupan kulawarga anu dimana tokohna nyaéta Imas anu dipaksa ku lanceukna ngajodo jeung babaturan

sakantor na nyaéta Abidin, anu anggapan manehna cocog jeung adina, sabab geus jeneng boga gaji gedé, beunghar, jeung kolotna jegud. Tapi harta teu bisa jadi jaminan kabagjaan hirup jalma jeung teu jadi jaminan hadé goréng na haté jalma, da Abidin téh boga niatan jahat jeung sabenerna lanceukna Imas téh boga hutang ka kulawargana Abidin nu matak maksa Imas kudu daék ka Abidin.

### 3.3 Téknik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan téknik nu bakal digunakeun nyaéta ku cara téknik studi pustaka. Nurutkeun Mardalis (dina Wildah, 2021) téknik studi pustaka téh nyaéta ngumpulkeun data jeung informasi, carana néangan sababaraha material anu aya di perpustakaan, saperti dokumén, buku, catétan, majalah, jsté.

Dina ieu panalungtikan tehnik anu digunakeun nyaéta tehnik studi pustaka. Nurutkeun Zed (2008), studi pustaka bisa di hartikeun pikeun runtuyan kagiatan anu ngeunaan kalawan metode ngumpulkeun data pustaka, maca jeung nyatet sarta ngolah panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan studi pustaka ieu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kalimah anu ngandung kedaling pragmatik anu aya dina roman *Imutna nu Panungtung*. Dina prak-prakan na aya sababaraha langkah anu dilaksanakeun dina ieu studi pustaka, diantarana:

- 1) nangtukeun sumber data. Ieu panalungtikan sumber data anu digunakeunna nyaéta roman *Imutna Nu Panungtung* karya Ahmad Bakri.
- 2) maca buku roman *Imutna nu Panungtung* karya Ahmad Bakri .
- 3) milih jeung nyirian omongan atawa kalimah anu aya dina buku roman *Imutna Nu Panungtung* karya Ahmad Bakri.
- 4) nyalin kalimah anu ngandung kedaling polah ucap anu kapanggih dina roman kana kartu data.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Fadlilah (2016) instrumen panalungtikan mangrupa alat pikeun ngumpulkeun, ngolah, nganalisa, jeung maparkeun data kalawan sistematis sarta objektif pikeun ngungkulan masalah atawa nguji hipotesis. Instrument

panalungtikan diperlukeun pikeun meunangkeun jeung ngaklasifikasikeun data dumasar kana masalah sewang-sewangan. Ieu panalungtikan instrument anu digunakeun nyaéta kartu data. Ieu di handap conto kartu data.

Tabél 3.1. Conto Kartu Data

<b>Kalimah</b>
"Baturna Imas, batur sakelasna." (IP/1/6/7)

Keterangan:

IP : Imutna nu Panungtung

1 : Bagian Roman

6 : Kaca Buku

7 : Paragraf

Dumasar kana conto kartu data di luhur, satuluyna disusun format analisis datana, saperti ieu di handap.

Tabél 3.2. Papasingan Wujud Kedaling Polah Ucap

No Data	Kalimah	Wujud Kedaling Polah Ucap			
		1A	1B	1C	1D

Keterangan

1A : Wujud Kedaling Polah Ucap Déklaratif

1B : Wujud Kedaling Polah Ucap Intérogatif

1C : Wujud Kedaling Polah Ucap Imperatif

1D : Wujud Kedaling Polah Ucap Aklamatif

Tabél 3.3. Papasingan Aspék Kedaling Polah Ucap

No Data	Kalimah	Aspék Kedaling Polah Ucap					
		2A	2B	2C	2D	2E	2F

Keterangan:

2A : Aspék Sosial

Dini Aulia Putri, 2023

*ASPÉK KEDALING POLAH UCAP DINA ROMAN IMUTNA NU PANUNGTUNG KARYA AHMAD BAKRI*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2B : Aspék Sikep Intelektual  
 2C : Aspék Emosi  
 2D : Aspék Informasi Faktual  
 2E : Aspék Moral  
 2F : Aspék Ngaréngsékeun Masalah

Tabél 3.4. Papasingan Fungsi Kedaling Polah Ucap

No Data	Kalimah	Fungsi Kedaling Polah Ucap			
		3A	3B	3C	3D

Katerangan:

- 3A : Fungsi Kedaling Polah Ucap Komisif  
 3B : Fungsi Kedaling Polah Ucap Impositif  
 3C : Fungsi Kedaling Polah Ucap Ekspresif  
 3D : Fungsi Kedaling Polah Ucap Asertif

### 3.5 Téknik Ngolah Data

Nurutkeun Nazir (dina Lestari, 2019) tehnik ngolah data atawa analisis data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibaca. Tehnik ngumpulkeun data mangrupa langkah strategi dina panalungtikan, sabab tujuan tina panalungtikan nyaéta meunangkeun data.

Léngkah-léngkah ngolah data anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) mariksa deui data omongan polah ucap,
- 2) nyieun papasingan data kedaling polah ucap dumasar kana wujud, aspék, fungsi, wanda jeung sipatna,
- 3) nganalisis jeung ngedeskripsikeun kedaling polah ucap nu geus kapanggih dumasar kan wujud, aspék, fungsi, wanda, jeung sipatna,
- 4) napsirkeun kedaling polah ucap dina roman *Imutna nu Panungtung* karya Ahmad Bakri,
- 5) nyieun kacindekan tina hasil nu geus dianalisis.

Dini Aulia Putri, 2023

ASPÉK KEDALING POLAH UCAP DINA ROMAN *IMUTNA NU PANUNGTUNG* KARYA AHMAD BAKRI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu